



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU EDE NOUYÒKÈ AJE YO VYEYI
NAN KOMINOTE YO CHWAZI YO**

Plis aksè aK sèvis ak swen alontèm pral ede granmoun Nouyòkè yo ak moun ki andikape yo viv, travay, ak vyeyi kote yo vle

Revitalizasyon sèvis EMS ak transpò medikal pral ede plis Nouyòkè jwenn aksè ak swen sante, diminye vizit lopital ki pa nesesè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a investisman ak inisyativ ki vize pou ede granmoun aje Nouyòkè yo viv yon lavi ki an sante, ki konplè pandan y ap vyeyi ak diyite ak endepandans nan kominote yo chwazi yo kòm yon pati nan Eta Leta 2023. Plan sa a gen ladann elaji aksè ak sèvis pou moun ki aje yo, amelyore kalite ak transparans nan anviwònman swen alontèm yo, bay finansman pou ekip swen adomisil pou sèvi granmoun ki gen revni fèb yo, epi bay swen repi pou moun k ap pran swen yo. Gouvènè Hochul te anonse tou investisman pou revitalize sèvis EMS nan tout eta a pou ede plis Nouyòkè jwenn aksè ak swen sante epi redwi vizit lopital ki pa nesesè yo.

"Tout Nouyòkè ta dwe kapab aje avèk diyite ak endepandans nan kominote yo chwazi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ solid sa yo apiye sou efò kontinyèl nou yo pou ekipe granmoun aje yo, kreye yon Plan Direktè pou Granmoun Aje epi kenbe estati New York kòm yon eta ki patrik pou moun aje. Lè nou investi nan sèvis pou moun ki aje yo ak bon jan kalite swen alontèm, nou ka asire kominote nou yo alafwa ansante ak vivab, ak resous ki ka ede granmoun aje viv ak pwospere."

Bati sou estati Eta New York kòm premye eta nan nasyon an ki te resevwa ofisyèlman deziyasyon eta ki pratik pou granmoun aje nan men AARP ak Òganizasyon Mondyal Sante (World Health Organization WHO), inisyativ Gouvènè Hochul dekri yo vize etabli kominote ki an sante, ki vivab, ki ofri opòtinite pou granmoun aje, pandan y ap amelyore sèvis EMS yo ak lòt fòm transpò medikal pou tout Nouyòkè yo. Inisyativ sa a yo gen ladan:

Asire Aksè a Sèvis pou moun ki aje yo ak bon jan kalite swen alontèm

Pou abòde defisyans nan sistèm swen alontèm Eta New York la, Gouvènè Hochul pwopoze elaji aksè ak sèvis pou moun ki aje yo, bon jan kalite swen alontèm, ak

kapasite pou Nouyòkè ki pi aje yo ak moun k ap bay yo swen yo pou yo fè chwa enfòmè sou ki kote pou yo chèche swen.

Sa gen ladan:

- Investi nan ekip konplè pou bay swen pou granmoun ki gen revni fèb lakay pa yo, sa k ap ede asire Nouyòkè yo ka vyeyi an plas.
- Ofri swen repi pou moun k ap bay swen familyal ki gen gwo bezwen yo, bay soulajman pou moun ki sipèvize swen moun yo renmen yo.
- Etabli sou bon jan kalite rapò ak akreditasyon pou rezidans ki gen asistans epi mete an aplikasyon inisyativ amelyorasyon kalite nan mezon retrèt yo pou ankouraje transparans epi rann li pi fasil pou Nouyòkè yo fè chwa enfòmè.

Revitalize Sèvis Medikal Ijans (Emergency Medical Services, EMS) ak Transpò Medikal

Gouvènè Hochul pwopoze elaji disponiblite opsyon transpò medikal epi ogmante kantite teknisyen medikal ijans, espesyalman nan zòn rural yo, kote aksè a ka limite. Sa a pral ede elaji aksè ak swen sante epi ede diminye vizit lopital ki pa nesèsè yo. Inisyativ yo pwopoze sa yo pral:

- Asire ke founisè transpòtasyon ijans yo jwenn ranbousman apwopriye pou vwayaj, sa ki ogmante peman pou pasyan ki pi konplèks yo.
- Etabli yon gwoup travay pou rekòmande fason pou elaji aksè ak transpò medikal ki pa ijans.
- Etabli nèt òganizasyon EMS rejyonal ki ka kowòdone pi byen tout ajans EMS yo ak founisè k ap opere nan rejyon yo ak yon sistèm repons pou katastwòf EMS nan tout eta a ki kapab deplwaye pèsònèlman ak ekipman rapidman lè ak kote li nesèsè pandan yon ijans.
- Pèmèt founisè EMS yo fè plis swen klinik nan kominote a.
- Pèmèt EMT yo trete pasyan an plas oswa mennen pasyan yo nan klinik swen ijan san yo pa sakrifye peman pou vwayaj, diminye kantite vizit nan sal ijans ki pa nesèsè yo.

Komisyònè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, epi kòm premye eta nasyon an ki pratik pou granmoun aje, New York kontinye ap pran dispozisyon pou asire ke sistèm swen sante nou an reponn ak bezwen popilasyon Eta nou an ki aje a. Pwopozisyon sa yo pral ba nou resous adisyonèl nou bezwen pou nou bati sou kreyasyon Plan Direktè pou Granmoun Aje nou an pou asire Nouyòkè ki aje yo gen aksè ak bon jan kalite swen alontèm epi rete manm aktif nan kominote a."

Asistan Komisè Depatman Sante Eta New York la pou Granmoun Aje ak Swen Alontèm, Adam Herbst te deklare, "Gouvènè Hochul ap kontinye demontre angajman li pou mete an aplikasyon politik ki baze sou prèv pou adrese kèk nan pi gwo defi pou Nouyòkè ki aje yo. Nou rekonesan pou patenarya kontinyèl li nan kenbe New York nan premye liy pi bon pratik pou ede moun viv yon lavi ki pi lonk, pi kontan epi ki pi an sante."

Direktè pa Enterim Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare, "Plan Gouvènè a adrese bezwen fondamantal granmoun aje yo pou yo vyeyi

ak diyite ak chwa pandan Eta a ap travay pou avanse yon Plan Direktè pou Granmoun Aje pou bay opòtinite ak sipò pou tout Nouyòkè yo pandan y ap vyeyi. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou pwopozisyon Eta Leta sa yo pou elaji opsyon swen ki baze nan kominote a, amelyore swen enstitisyonèl alontèm pou moun ki bezwen yon pi wo nivo swen, epi amelyore transpò medikal ijans yo. Menm jan li enpòtan se aksan Gouvènè a mete sou ede moun k ap pran swen fanmi ki pa touche yo, 70 pousan ladan yo rapòte omwen yon sentòm sante mantal negatif pandan pandemi an akòz estrès wòl yo genyen yo."

New York gen katriyèm pi gwo popilasyon granmoun aje nan Etazini, ak 3.2 milyon moun -apeprè 16 pousan popilasyon an - ki gen plis pase 65 ane. Yo prevwa popilasyon New York ki gen plis pase 60 ane pral ogante a 5.3 milyon moun dis 2030 ak moun ki gen plis pase katrevan ane k ap depase 1.2 milyon moun.

Otòn pase a, Gouvènè Hochul te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) ki kreye premye Plan Direktè Eta a pou Granmoun Aje, yon premye etap nan direksyon pou konstwi yon plan konplè pou satisfè bezwen sosyo-ekonomik tout jenerasyon Nouyòkè yo pandan y ap vyeyi. Lè li fini, Plan Direktè pou Granmoun Aje a pral ede kowòdone politik ak pwogram Eta ki deja egziste ak nouvo pwogram pou granmoun aje ak fanmi yo, pandan y ap abòde tou defi ki gen rapò ak kominikasyon, kowòdinasyon, bay swen, finansman swen alontèm, ak modèl swen inovan ak objektif jeneral pou ogmante kapasite pou plis moun vyeyi ak diyite ak endepandans.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418